

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Metode panalungtikan nyaéta prosés ilmiah pikeun maluruh paélmuan sacara sistematis dumasar kana bukti fisis (Purnia & Alawiyah, 2020, kc. 13). Dina prakna, métode panalungtikan bisa mangrupa angkét, wawancara, atawa obsérvasi dina maksud maluruh data luyu jeung jejer panalungtikan.

Ieu tulisan téh mangrupa panalungtikan kualitatif. Ku kituna hasil tina panalungtikanana dipedar dina wangun kalimah-kalimah sacara ngaguluyur. Lian ti kitu, métode panalungtikan kualitatif dipilih dumasar pamadegan Sugiyono, (2013, kc. 8) nu nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif téh sok disebut panalungtikan étnografi ku sabab dina kamekaranana ieu métode sok digunakeun dina panalungtikan antropologi budaya. Nurutkeun Purnia & Alawiyah (2020, kc. 21) panalungtikan kualitatif nyaéta métodé risét nu nembrakeun pedaran ngagunakeun analisis.


Anapon métode pikeun ngaguar hasil ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode analisis déskriptif. Ieu métode dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun hasil analisis tina sumber pustaka. Tina métode analisis déskriptif ieu téh baris dipedar ngeunaan strukturalisme carita jeung aspék-aspék antropologi sastra nu nyampak dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

Pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kualitatif, salasihiji téknik nu bisa digunakeun téh nyaéta téknik studi pustaka. Téknik ngumpulkeun data dina dokumen atawa sumber data téh disebutna studi pustaka (Sugiyono, 2013, kc. 137). Nurutkeun Zed dina (Supriyadi, 2017, kc. 85) studi pustaka téh nyaéta rangkéan kagiatan patali jeung téknik ngumpulkeun data pustaka, maca, nyutat, tur ngolah bahan panalungtikan. Atuh dina ieu panalungtikan téh sumber data utamana tina bahan-bahan literatur. Udagan tina ieu téknik téh nyaéta pikeun ngulik fakta-fakta nu patali jeung objék panalungtikan (Nurmala & Suherman, 2021, kc. 172). Anapon sumber-sumber nu dipaké pikeun ngawewegan ieu

panalungtikan téh nyaéta tina buku-buku tiori, jurnal panalungtikan, artikel ilmiah, skripsi, jeung artikel berita nu sabada dibaca téh aya patalina jeung ieu panalungtikan. Sabada kitu, unggal data nu geus dipaluruh tina objék panalungtikan téh diolah ngagunakeun téknik analisis déskriptif.

3.2 Désain Panalungtikan

Sangkan data nu dipaluruh téh sistematis, panalungtik kudu nyieun rangkéan panalungtikan. Éta rangkéan téh disebutna Désain panalungtikan. Nurutkeun Sarwono (2009, kc. 79) Désain panalungtikan téh lir ibarat panuduh jalan pikeun metakeun arah lumangsungna prosés panalungtikan kalawan bener tur luyu jeung udagan nu geus ditangtukeun. Cindekna mah saupama panalungtik ngababangbalérkeun Désain panalungtikan dina prosés ilmiahna, tangtu baé hasil tina panalungtikanana moal sistematis tur méngpar tina udagan asal. Anapon Désain panalungtikan nu dilaksanakeun boga léngkah-léngkah saperti di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta prosedur anu kudu dilaksanakeun kalawan métode anu tangtu pikeun ngahontal udagan panalungtikan (Suyatna, 2011, kc. 18). Anapon dina ieu panalungtikan téh aya dua léngkah nu dilakonon pikeun ngalaksanakeun téhnik panalungtikan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta studi pustaka. Anapon studi pustaka téh dilaksanakeun ku cara maluruh data tina sumber-sumber literér. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta: (1) néangan sumber data, (2) maca naskah, (3) ngaidéntifikasi masalah, jeung (4) ngarumuskeun masalah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Analisis mangrupa tarékah nu dilaksanakeun kalawan milah-milah data sangkan bisa ditepikeun ka jalma séjén (Moleong, 2007, kc. 248). Anapin data nu dipaluruh tina ieu téhnik téh nyaéta struktur carita jeung unsur-unsur antropologi sastra dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 13) instrumén panalungtikan mangrupa pakakas nu digunakeun ku panalungtik sangkan dina maluruh data leuwih sistematis tur taliti. Anapon instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta tabél jeung kartu data nu dijéntrékeun luyu jeung idéntitasna. Anapon format tabél jeung kartu data nu digunakeun pikeun maluruh jeung nganalisis data téh saperti di handap.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Sangkan dina maluruh data téma jadi leuwih babari, digunakeun kartu data. Ieu kartu téh dieusian luyu jeung data nu dipaluruh. Anapon kartuna saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Conto Kartu Data Téma

Kartu Data Téma
Kode Data:
Téma:
Cutatan:

Pikeun maluruh data galur digunakeun wangun modél kartu nu méh sarua. Bédana palebah ieu kartu mah nu dianalisis téh nyaéta data ngeunaan kamekaran carita nu némbongkeun digunakeunana salasahiji téknik *plotting* atawa galur carita.

Tabél 3.2
Conto Kartu Data Galur

Kartu Data Galur
Kode data:
Bagian
Cutatan:

Kartu data latar maluruh data-data ngeunaan tilu bagian latar, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Anapon model kartuna saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3
Conto Kartu Data Latar

Kartu Data Latar
Kode Data:
Jenis Latar:
Cutatan:

Dina maluruh data ngeunaan tokoh jeung watekna, digunakeun kartu data sangkan leuwih jéntré. Data nu dipaluruh téh nyoko kana tilu aspék nyaéta, ngaran, jenis tokoh, jeung watek tokohna. Anapon model kartuna saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Conto Kartu Data Tokoh jeung Penokohan

Kartu Data Tokoh jeung Penokohan
Jenis Tokoh:
Ngaran Tokoh:
Watek Tokoh:

Ieu di handap mangrupa conto maluruh data téma tina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia lengkep jeung kode datana.

Tabél 3.5
Conto Kartu Data Struktur Carita Novél Imah Agréng

Kartu Data Téma	
Kode Data	: NIA/SC/T1/5
Téma	: Nyusud mistéri kasus tilarna Kirana
Cutatan	: <i>Anak tunggal Adiguna pemborong pangbeungharna sa-Bandung maot, lantaran mobilna nabrak tangkal. Cék isu teu pikahartieun, cik papay raratanana. Mun perlu ménta ditéktip partikelir pikeun maturan.” Sora Pa Ubun kawas sasari, pondok, tapi tandes, hartina taya saurang gé nu sanggup mungpang.</i>

Keterangan data dipedar saperti di handap.

Kode	: NIA/SC/T1/5
NIA	: Novél Imah Agréng
SC	: Struktur Carita
T1	: nuduhkeun urutan téma kahiji
5	: data nu dipaluruh tina kaca 5

Unsur-unsur antropologi sastra nu nyangkaruk dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia téh dipedar dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.6
Analisis Unsur Antropologi Sastra Dina Novél Imah Agréng

No.	Unsur-unsur Antropologi Sastra	Cutatan	Kode	Keterangan
1.	Mangsa heubeul			
2.	Kaarifan lokal			
3.	Folklor			
4.	Mitos			

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

3.4.2.1 Kartu Data Analisis Struktur Carita

1) Téma

Sabada dipaluruh datana, téma ieu carita téh dianalisis dumasar kana cutatan nu kapanggih dina eusi novélina. Sangkan leuwih jéntré, gambarna saperti ieu di handap.

Kartu Analisis Téma
Kode Data:
Cutatan:
Analisis:

Gambar 3.1 Kartu Data Analisis Struktur Téma

2) Fakta Carita

Data-data fakta carita nu diwangun ku galur, palaku, jeung latar dianalisis dumasar cutatan nu kapanggih. Éta cutatan téh dirarapih luyu jeung data séjénna nu sarua sabada dikumpulkeun. Anapon gambarna nyaéta saperti gambar di handap.

<p>Kartu Analisis Fakta Carita (Galur, Palaku jeung Panokohan, Latar)</p> <p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p>

Gambar 3.2 Kartu Data Analisis Struktur Fakta Carita

3) Sarana Sastra

Kartu data analisis sarana sastra digunakeun pikeun nganalisis unsur-unsur nu nuduhkeun judul, puseur implengan, tur gaya basa nu dipaké dina hiji carita. anapon kartu data nu digunakeun saperti ieu di handap.

<p>Kartu Analisis Sarana Sastra (Judul, Puseur Implengan, jeung Gaya Basa)</p> <p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p>
--

Gambar 3.3 Kartu Data Analisis Struktur Sarana Sastra

3.4.2.2 Kartu Data Analisis Unsur Antropologi Sastra

1) Mangsa Heubeul

Pikeun nganalisis unsur mangsa heubeul dina ieu novél, digunakeun kartu data sangkan leuwih jentré dina medarna. Ieu di handap mangrupa kartu data mangsa heubeul nu dipaké.

<p>Kartu Analisis Mangsa Heubeul</p> <p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p>
--

Gambar 3.4 Kartu Data Analisis Mangsa Heubeul

2) Kaarifan Lokal

Analisis unsur kaarifan lokal dilaksanakeun ku cara nu sarua jeung unsur-unsur lianna, nyaéta ngagunakeun kartu data analisis. Anapon gambarna saperti nu dijelaskeun di handap.

Kartu Analisis Kaarifan Lokal
Kode Data:
Cutatan:
Analisis:

Gambar 3.5 Kartu Data Analisis Kaarifan Lokal

3) Folklor

Unsur folklor dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun kartu data analisis saperti ieu di handap.

Kartu Analisis Folklor
Kode Data:
Cutatan:
Analisis:

Gambar 3.6 Kartu Data Analisis Folklor

4) Mitos

Unsur mitos nu nyangkaruk dina ieu novél dianalisis ngagunakeun kartu data analisis saperti ieu di handap.

Kartu Analisis Mitos
Kode Data:
Cutatan:
Analisis:

Gambar 3.7 Kartu Data Analisis Mitos

3.5 Data jeung Sumber Panalungtikan

Pikeun ngahontal hasil panalungtikan nu rélévan kana udagan mimiti, panalungtik moal bisa leupas tina prosés panalungtikan nu maluruh dua hal, nyaéta maluruh data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Data nu dipaluruh tina ieu panalungtikan téh nyaéta stuktur carita jeung unsur antropologi sastra nu nyangkaruk dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia. struktur carita ngawengku téma, sarana sastra, jeung fakta carita. lian ti medar struktur carita, ogé medar unsur-unsur antropologi sastra nu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklore, jeung mitos.

3.5.2 Sumber Data


Data nu dipaluruh nyaéta sagemblengna eusi carita *Imah Agréng* karya Aam Amilia. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik. Anapon sacara gurat badagna, data nu ditalungtik téh ngawengku jalma (person), sumber data nu bisa méré jawaban tina angkét jeung wawancara. Nu kadua, tempat (place) sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Nu katilu, kertas (paper) sumber data nu mangrupa tanda-tanda atawa simbol séjén. Anu kaasup sumber paper téh nyaéta dokumén.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kertas atawa (Paper), ku sabab novél kaasup kana sumber data tinulis atawa dokumén. Lian ti novel *Imah Agréng*, ieu panalungtikan gé dideudeulan ku dokumén-dokumén anu séjén, saperti buku sumber jeung jurnal ilmiah.

Idéntitas Buku Novél *Imah Agréng*

- 1) Jejer : Imah Agréng
- 2) Pangarang : Aam Amilia
- 3) Kandel Kaca : 72 kaca

- 4) Taun Medal : 2021
 5) Pamedal : Kiblat Buku Utama



Gambar 3.8
 Sampul Novel Imah Agréng

Sacara gurat badag, novel *Imah Agréng* kaasup kana genre misteri. Pasualan-pasualan nu ditémbongkeun ku pangarang patali jeung kamunafikan manusa, bohong, konspirasi, tur pembunuhan. Loba pisan perkara-perkara anu kudu disusun nepi ka panggih bebeneranana. Sabab dina unggal bagéanana, mitos-mitos kabohongan jeung bebeneran nu saenyana téh pabaliut tepi ka hésé misahkeunana. Kasang tukang nu dicaritakeun dina ieu novél téh nyaéta kahirupan urang Kota Bandung antara taun 2010 atawa 2020-an. Ieu novel nyaritakeun kahirupan jalma pangbeungharna sa-Bandung nu kacida soléhna, ngaranna Adiguna. Adiguna miboga anak awéwé, ngaranna Kirana, nu paéh sacara misterius. Disebut kitu sotéh ku sabab berita paéhna anak Adiguna ditutupan tina média.

Jaka, wartawan koran harian Pelangi Pagi ngarasa panasaran kana éta kajadian. Kahiji, manéhna wartawan nu biasa nyusud-nyusud sarupaning kasus-kasus karitu. Nu kaduana, Jaka jeung Kirana téh kungsi ngalaman pakait asih. Asa teu mungkin anak jalma jegud sa-Bandung nepi ka teu diberitakeun pisan mah. Atuh ti dinya Jaka mimiti boga paniatan rék nyusud ieu kajadian.

Ti mimiti harita, dosa-dosa Pa Adiguna nu katelah soléh remen wakaf jeung ngabangun masjid téh kapanggih. Nu antukna panggih yén nu geus maténi Kirana téh sabenerna bapana sorangan. Sok sanajan niat mimitina mah rék maéhan pembantuna.

Sumber: <https://www.jd.id/product/imah-agreng-aam-amilia-630910720/-6309-11487.html>